

KISA REYADAPTASYON PWOFEYONÈL YE?

Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) se yon pwogram federal-leta kap travay ak moun andikape fizik oubyen mantal, pou prepare jwenn travay oubyen kenbe yon travay. VR angage l pou l ede moun andikape pou yo jwenn travay ki gen valè.

KI KALITE ASISTANS KI DISPONIB NAN VR?

- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik
- Konsèy ak planifikasyon pou Travay
- Konsèy ak Gid pou Travay
- Eksperyans Travay Pandan ou Lekòl Segondè
- Fòmasyon ak Edikasyon Apre Lekòl Segondè
- Evalyasyon ak Akomodasyon Travay
- Jwenn Travay
- Fòmasyon sou-plas sipò Travay
- Teknolojik ak Ekipman de Sipò
- Tretman Medikal ou byen Sikolojik ki Limite nan Leta

KIJAN POU M JWENN BIWO VR ?

Chèche biwo VR ki pi prè ou la lè ou ale sou www.rehabworks.org epi klike sou « VR Office Directory ». Gen yon konseye VR ki nonmen pou chak lekòl segondè nan Florid.

2002 Old Saint Augustine Road, Bldg. A
Tallahassee, Florida 32301-4862
(850) 245-3399 (Voice and TTY)
(800) 451-4327 (Voice and TTY)
www.Rehabworks.org
www.FLJobConnections.com




Se yon pwogram e yon anplwayè ki ofri tout moun menm chans. Lalwa entèdi Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl(VR) Department Edikasyon Eta Florid, poutèt li resevwa èd finansye federal, pou l fè diskriminasyon ak nempòt moun nan Etazini akòz ras li, koulè li, relijyon li, sèks li, orijin nasyonal li, laj li, andikap li, afilyasyon politik li ou byen kwayans li.

Pwosedè VR itilize pou trete kandidati yon moun pou detèmine si li kalifye pou sèvis, pou nempòt sèvis epi kèlkeswa pwosesis, program VR la dwe respekte obligasyon pou pa fè diskriminasyon. Pou moun andikape yo jwenn èd ak sèvis siplemantè si yo mande l. Moun ki sèvi ak aparèy telefòn ak touche (telepwonpte ekipman TTY/TDD) oubyen sèvis rele eta Florid (Florida Relay service) nan nimewo 711 yo kapab kontakte nimero telefòn palan.

Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl nan Depatman Edikasyon se yon patnè ki fyè pou l patisipe nan plan Estratejik pou Edikasyon Pwochen Jenerasyon nan eta Florid(Florida's TM Next Generation Strategic Plan for Education).

03/2009

LIS KNOTWÒL



KAP FÈ TRANZISYON SÒTI LEKÒL RIEV NAN TRAVAY

VR Vocational Rehabilitation
FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION

Lis sa ki pi ba a se yon kontwòl ki pral ede ou ak bezwen ou ta genyen pou fè changman. Sa se sèlman yon gid. Pati enpòtan an se sonje rete angaje nan pwosesis changman an pou w asire ke bezwen ak bi ou yo jwenn repons pou ou kapab prepare pou la vi aprè lekòl segondè.

14-15 LANE

- Aprann plis sou dizabilite w la ak kapasite ou yo e tout lòt arangman ke ou bezwen.
- Patisipe nan planifikasyon changman le wap prepare epi swiv reyinyon pou plan Edikasyon Endividyèl la (IPE).
- Gade kote ou ye jodia epi fè yon plan pou demen.
- Pran enfòmasyon nan lekòl ou ak ajans ki bay sèvis a jenn moun ki gen bezwen pou fè changman.
- Diskite opsyon pou diplòm ou nan klas 8èm ane oubyen lè ou gen laj 14 zan ak ki konsekans yap genyen sou fòmasyon w ak travay aprè ou fin gradye.
- Fe rechèch sou opotinite travay ak karyè lè ou vizite One Stop Career Center local oubyen vizite www.floridajobs.org.
- Pran demi jounen travay pou ou kab gen eksperyans epi kòmanse bati dosye travay.
- Poze kesyon sou zafè karyè, fòmasyon pou travay, opòtinite pou gin eksperyans nan travay gratis ke yo ofri lekòl segondè ak nan kominote a.

16-17 LANE

- Patisipe nan planifikasyon changman lè ou prepare epi swiv reyinyon IEP ki planifye pou ou yo.
- Envite Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) ak reprezantan lòt ajans ki kap patisipe nan planifikasyon reyinyon IEP ou yo lè ou fini lekòl.
- Diskite plan pou transpò ou apre gradwasyon ou.
- Diskite arangman ou bezwen aprè gradyasyon.
- Diskite opsyon pou edikasyon ak fòmasyon pou demen.
- Aplike nan ajans sèvis, jan yo rekòmande a, pou ou jwenn asistans e rezilta ke bezwen aprè lekòl ou pour realize bi ou.
- Gade ki jan de diplòm ou genyen epi fè changman ki nesèsè.
- Kontinye chèche karyè, chèche fòmasyon travay oubyen eksperyans travay.
- Ou gen dwa enskri avan pou vote a lè ou genyen 17 lane e resewva kat vòt ou pa la pos lè ou genyen 18 lane. Pou plis enfòmasyon vizite election.dos.state.fl.us.
- Gade opsyon gadyasyon ou, si li apwopriye.

18-22 LANE

- Konsidere pou aplike pou benefis dizabilite Sekirite Sosyal (Social Security Disability Benefits, SSI ak SSDI). Pou enfòmasyon, rele: (800) 772-1213 gratis oubyen (800) 325-0778 (TTY).
- Gason fèt pou enskri pou sèvis militè. Vizite www.sss.gov pou plis enfòmasyon.
- Sonje ke VR gen dwa ede moun kalifye ak fòmasyon, jwenn travay, e lòt sèvis aprè lekòl ki nesèsè pou gen siksè nan travay.

